

CHIBVUMIRO CHEMASHANDIRO EDU KUVATENGI KU SILO FOOD INDUSTRIES LIMITED



ZVIRI MUGWARO

Nhanganyaya Yemutungamiri.....	3
1.0 Sumbiriro	3
2.0 Kushandiswa Kwegwaro	4
3.0 Tsananguro yemazwi anoshandiswa	4
4.1 Chiono	5
4.2 Chinangwa	5
4.3 Basa repamutemo.....	5
4.4 Hunhu hukuru hwesangano	5
4.5 Chirevo chemutemo hwehunhu	6
5.0 Chinangwa chegwaro remitemo yesevhisi kuvatengi	6
6.0 Zvinobatsira zvegwaro remitemo yesevhisi kuvatengi.....	6
7.0 nhungamiro dzemasevhisi edu nekuzvipira kwedu	7
8.0 Hunhu hwezigadzirwa, mwero wemasevhisi uye zvipiriso kuvatengi	7
9.0 kodzero nemabasa evatengi	8
10.0 Kuongorora, kuyera uye kupa mishumo pamusoro pekuita maererano nemwero yakatarwa	11
11.0 Kuongorora uye kugara uchichengeta gwaro remitemo yesevhisi kuvatengi.....	11
12.0 KUTAIRIRANA.....	12

SHOKO REKUTANGA

SILO FOOD INDUSTRIES LIMITED (SFI) yanga ichipa zvigadzirwa zvemhando yepamusoro kuvatengi vayo nguva dzose. Chinangwa cheGwaro reBasa reVatengi iri ndechekuratidza pachena kuzvipira kwesangano kuvatengi, kuvateerera uye kuvashandira zvinoenderana nemhando yepamusoro yezvigadzirwa pamwe nekupihwa kwemabasa.

Kushandiswa kweQuality Management Systems (QMS), Integrated Results Based Management (IRBM), pamwe nekutevedzera mitemo, mirau nemagwara pakugadzira nekupa zvigadzirwa, kwese kwakaitwa nechinangwa chekuzadzisa uye kupfuura zvinotarisirwa nevatengi.

Kubudirira kwesangano mukugadzira nekugovera zvigadzirwa kunobva mukubatana kwakanaka nevose vane chekuita nesangano, zvikuru vatengi vedu vanokudzwa, vatengesesi, vagovani vemasheya pamwe neveruzhinji. Mhinduro dzavo pamusoro pezvigadzirwa zvedu dzinotibatsira kuvandudza mabasa edu.

1.0 NHANGANYAYA

Munguva ino yekusimbaradza hutongi hwakanaka (Corporate Governance), zvakanakosha kuti zviyero zvezvigadzirwa nemabasa zvinopihwa nemasangano ehurumende zvibvumiranwe pamwe chete nevose vane chekuita nawo.

Mukusimbaradza tsika yekugadzira zvigadzirwa zvemhando yepamusoro zvinoenderana nekukura kwehunyanzvi hwetekinorogi, SFI yakagadzira Gwaro reBasa reVatengi iri.

Gwaro iri rakavakirwa pazvirongwa zveSFI, zvinangwa zvezvirongwa izvi, pamwe nezvinodiwa nematambudziko evatengi sezvakatsanangurwa muStrategic Plan yeSFI yemakore mashanu (2021–2025).

Zvirongwa zveSFI ndeizvi:

1. Hutungamiri neKutungamira Sangano.
2. Kugadzirwa nekufambiswa kwezvigadzirwa zvinodyiwa nevanhu pamwe nezvipfuyo.

Zvinotarisirwa kubva muzvirongwa izvi ndezvi:

- a) Kuvandudzwa kwemashandiro esangano.
- b) Kuwanikwa kwezvigadzirwa zviri nani.
- c) Kusimbaradzwa kwekugona kwesangano kuramba richishanda zvine pundutso.

Naizvozvo, Chibvumiro ichi chiri pakati pezvishandiso zvinokosha zvekusimudzira kushandiswa kwakabudirira kwe Hurongwa hune uchenjeri (**Strategic Plan**) hwe SFI.

2.0 MASHANDISIRWO EGWARO

Gwaro iri rakagadzirwa vatengi vekunze vanotenga kana kushandisa zvigadzirwa zveSFI.

Rinotsanangura mhando yezvigadzirwa zvinotarisirwa nevatengi kubva kuSFI pamwe chete nezvinotarisirwa neSFI kubva kuvatengi. Rinotsanangurawo matanho anofanira kutorwa kana zviyero zvemhando yezvigadzirwa zvisina kusangana nezvakatemwa.

3.0 TSANANGUDZO YEMAZWI

Mazwi anoshandiswa muGwaro iri anoreva zvinotevera:

"Gwaro"

Rinoreva Gwaro reBasa reVatengi.

"Zvigadzirwa zveSFI"

Izvi ndizvo zvigadzirwa zvinogadzirwa nekugoverwa neSFI kuvatengi.

"Mazuva Ekushanda"

Kubva Muvhuro kusvika Mugovera, kusanganisira kusabvisa mazuva ezororo eruzhinji.

MuGwaro iri, mazuva anotsanangurwa pakugovera nekutengesa zvinhu anoreva mazuva ekushanda chete, kwete mazuva ekarenda.

"Vehukama"

Munhu kana sangano rine hukama kana rinobatwa nezvigadzirwa kana mabasa eSFI.

"Mutengi"

Munhu anotenga kana kushandisa zvigadzirwa zveSFI.

4.0 NHOROONDO YESFI

SFI chidimbu che **SILO FOOD INDUSTRIES LIMITED**, kambani iri pasi peHurumende.

4.1 CHIONO

Kuve mutengesu anotungamira mukugadzira nekugovera **zvigadzirwa zvinotengwa nekukurumidza (Fast-Moving Consumer Goods)** pamwe nezvigadzirwa zvezvipfuyo muSouthern Africa panosvika gore ra2030.

4.2 CHINANGWA

Kugadzira nekugovera zvigadzirwa zvinotengwa nekukurumidza pamwe nezvezvipfuyo zvemhando yepamusoro, zvine mutengo unokwikwidza, kuitira kugutsa zvinotarisirwa nevose vane chekuita nesangano.

4.3 BASA RAKAPIHWA

SFI yakapihwa basa rekuti:

- Kubatsira mukudzikamisa mitengo yezvekudya zvinokosha pamusika wemuno.
- Kubatsira mukuwedzera kukosha (value addition) pamwe nekugovera zvigadzirwa zvekurima, zvinosanganisira zvirimwa nezvipfuyo.

Mabasa makuru anoitwa nesangano anosanganisira:

- Kugadzira nekugovera chikafu chezvipfuyo (stock feeds) kubva muzvigadzirwa zvekurima zvakawedzera kukosha.
- Kukuya, kugadzira nekurongedza hupfu hwechibage, hwegorosi pamwe nehwezviyo zvechivanhu, pamwe nekurongedza zvimwe zvigadzirwa zvinotengwa nekukurumidza (Fast-Moving Consumer Goods).

4.4 TSIKA DZINOTUNGAMIRA SANGANO (CORE VALUES)

Tsika Huru	Zvazvinoreva kuSILO FOOD INDUSTRIES
Kutendeseka	Tinotevedzera kutendeseka, kuvimbika uye hunyanzvi pakushanda pamwe nevose vane chekuita nesangano.
Kukoshesa Mutengi	Tinoramba tichivavarira kupa vatengi vedu zvigadzirwa zvemhando yepamusoro pamwe nebasa rinokukurumidza uye rinoshanda zvakana.

Kushanda Sechikwata	Tinobudirira nekushanda pamwe chete sechikwata chimwe cheSFI, tichiziva kuti tinovimbana mukuzadzisa zvinangwa zvedu.
Kuunza Mazano Matsva	Tinogara tichitsvaga nzira itsva dzekuita bhizimisi, kugadzirisa matambudziko uye kupa mhinduro dzinoshanda kuvatengi vedu.
Hunhu	Tinokoshesa kuita zvinhu nemhando yepamusoro uye tinoona kuti zvigadzirwa nemabasa edu zvinogara zviri pamwero wepamusoro nguva dzose.

4.5 CHIREVO CHEMUTEMO WEHUNHU

SFI inokoshesa kuita zvinhu nemhando yepamusoro uye inoona kuti zvigadzirwa zvayo pamwe nemabasa ayo zvinogara zviri pamwero wepamusoro nguva dzose.

5.0 CHINANGWA CHEGWARO REBASA REVATENGI

Chinangwa cheGwaro iri ndechekuratidza pachena mabasa nemitoro yeSFI mukutevedzera mwero yehunhu inodiwa pakupa zvinhu nemasevhisi kuvatengi. Izvi zvinoenderana neChirongwa cheHurumende cheBudiriro yeNyika chekutanga (National Development Strategy 1). Pamusoro pezvo, Gwaro iri rine chinangwa chekupa vatengi ruzivo pamusoro pezhvinhu nemasevhisi eSFI uye kusimbisa hukama huripo pakati peSFI nevatengi vayo munzvimbo dzinotevera:

- a) Zvinoitwa neSFI.
- b) Hunhu hwezigadzirwa zvinotarisirwa kuwanikwa nevatengi kubva kuSFI.
- c) Kodzero dzakakosha dzevatengi.
- d) Mabasa nemitoro yevatengi.
- e) Nzira dzekutaurirana neSFI

6.0 ZVINOBATSIRA ZVEGWARO REMITEMO YESEVHISI KUVATENGI

Gwaro iri rinobatsira vatengi pamwe neSFI nenzira dzinotevera:

Zvakanakira Vatengi

- a) Kuziva mhando dzezvigadzirwa nemabasa anopihwa neSFI.
- b) Kuziva mwero wemhando yezvigadzirwa zvavanofanira kutarisira kubva kuSFI.

Zvakanakira SFI

1. Kuzivisa Chiono (Vision), Chinangwa (Mission), Basa Rakapihwa (Mandate) pamwe netsika dzinotungamira sangano.

2. Kuyera nekuongorora mashandiro ekupa mabasa kuitira kuona panoda kuvandudzwa.
3. Kusimbaradza kuzvibata zvakanaka, mutoro uye kuzvipira kwevashandi.

7.0 MIRAU YEDU YEKUPA BASA UYE KUZVIPIRA KWEDU

Mukuedza kwedu kupa vatengi zvigadzirwa nemabasa emhando yepamusoro, tichatevedzera misimboto inotevera pakupa mabasa. Izvi zvinosanganisira kukurumidza kushandira vatengi, hunhu hwebasa, kuwanikwa kwemabasa, kuremekedza vatengi uye kupa ruzivo rwakakwana.

Tinozvipira ku:

- (i) Kushandisa vashandi vane ruzivo, hunyanzvi uye vakazvipira pabasa.
- (ii) Kuva vakatendeseka kune vatengi.
- (iii) Kubata vatengi vose zvakaenzana uye pasina rusaruro.
- (iv) Kuremekedza vatengi nevose vane chekuita nesangano, kuva vanozvininipisa uye kukoshesa mazano avo.
- (v) Kugara tichitsvaga nzira dzinogadzirisa matambudziko kuitira kugutsa vatengi.
- (vi) Kuratidza kutendeseka muzviito zvedu zvose.
- (vii) Kushanda pachena uye nekuburitsa ruzivo rwakakodzera.
- (viii) Kutevedzera mitemo yehunhu (ethics) pabasa.
- (ix) Kuchengegetedza nharaunda uye kushandisa nzira dzisingakanganisi zvakatipoteredza.

8.0 HUNHU HWEZVIGADZIRWA, ZVIYERO ZVEBASA UYE KUZVIPIRA KWEDU KUVATENGI

8.1 ZVIYERO ZVEKUPA BASA

Sangano rinovavarira kupa vatengi zvigadzirwa zvemhando yepamusoro pamwe nebasa rinoshamisa. Tichazadzisa izvi nekutevedzera zviyero zvinotevera:

Basa	Nguva Inotarisirwa
Kupindura mafoni	Mushure mekurira kaviri (2 rings)
Kushandira vatengi muzvitoro	Mukati memaminitisi gumi nemashanu (15) pakutengeserana kumwe chete
Kutakura nekuendesha marori ane zvigadzirwa zvakapedzwa	Awa rimwe chete (1 hour) pamotokari inotakura matani makumi matatu (30 tonnes)

Kugamuchira zvinhu zvinoshandiswa mukugadzira (raw materials)	Awa rimwe chete (1 hour) pamotokari inotakura matani makumi matatu (30 tonnes)
Kugamuchira michina mitsva, zvivakwa kana midziyo (Capex/Plant/Machinery)	Mukati memaawa mana (4), zvichienderana nehukuru hwemidziyo
Kuyera motokari paWeighbridge	Mukati memaminitisi gumi (10)
Kuendesa maodha evatengi	Mukati memaawa makumi mana nemasere (48) kubva pakuiswa kweodha
Kubhadhara vatengesi	Maererano nemitemo nemamiriro echibvumirano
Kupa zvidzidzo uye kuratidzira nzira dzekuchengeta zvipfuyo	Mukati memazuva mana (4) kubva pakukumbirwa

9.0 KODZERO NEMABASA EVATENGI

Sangano rinovimbisawo vatengi varo zvinotevera maererano neMitemo weHunhu (Quality Policy) pamwe neMitemo yeMaitiro eVashandi.

a) Kuenzana

Tichabata vatengi vese zvakaenzana, zvine kururamisira uye nehunyanzvi. Rusaruro rweese runobva kunzvimbo yakabva munhu, rudzi, dzinza, murume kana mukadzi, chitendero, boka redzinza, maonero ehuzivi kana ezvematongerwo enyika, kana zvimwe zvikonzero zvemunhu pachake harubvumidzwi.

b) Maitiro eVashandi

Vashandi vedu vachazvizivisa nemazita avo. Vachange vachizvibata zvine ruremekedzo, kuzvininipisa, hushamwari, hunhu hwakanaka, kufunga nezvevatengi, kuva nehanya navo, uye vachagara vakagadzirira kubatsira nekushandira pamwe nevatengi.

c) Kupindura Nekukasika

Takazvipira kupa vatengi neruzhinji ruzivo rwakarurama uye nenguva pamusoro pezvigadzirwa zveSFI.

d) Kukodzera kweMasevhisi

Tichashanda nesimba kuona kuti masevhisi atinopa anosangana nezvinotarisirwa nevatengi uye anoenderana nemitemo iripo.

e) Maitiro Ekuita Zvisarudzo

Tinovavarira kuita zvisarudzo nenzira ine kururamisira, tichienzanisa kukurumidza kwekuita sarudzo nekuongorora kwakakwana kwenyaya iri kutariswa. Tinotakurawo mutoro wezvisarudzo zvese zvatinoita.

f) Kuwanikwa kweMasevhisi

Tichawanikwa zviri nyore kumahofisi edu makuru (Head Office) nemahofisi ematunhu kuburikidza nekushanyirwa, nhare, uye tsamba dzemagetsi (email), kubva Muvhuro kusvika Chishanu, pakati pa07:45 mangwanani na16:30 masikati, kusinganganisira mazuva ezororo eruzhinji. Nzvimbo dzekugadzira nezvitoro zvichange zvakavhurwa kubva Muvhuro kusvika Chishanu pakati pa08:00 na16:30, uye neMugovera kubva pa08:00 kusvika pa13:00. Zvichange zvakavharwa pamazuva ezororo eruzhinji.

Zvisinei, webhusaiti yeSFI www.silofoodindustries.co.zw inowanikwa nguva dzose. Kopi yeGwaro iri reMitemo yeSevhisi kuVatengi ichawanikwa pawebhusaiti yepamutemo yeSFI.

g) Kuparadzirwa kweRuzivo

Tichaparadzira ruzivo kuvatengi vedu kuburikidza netsamba, vezvenhau, webhusaiti, pamwe nezvimwe zvinyorwa zvakadai semabhurocha, mapamphlet, zvikwangwani zvekushambadza, zvinamira, mapepa ekushambadza, pamwe chete nezvinhu zvekushambadza zvinosanganisira makepisi kana ngowani nemaT-shirts.

KODZERO NEMABASA EVATENGI

9.1 KODZERO DZEVATENGI

Zvichitariswa zvigadzirwa nemasevhisi anopihwa neSFI maererano nemwero wehunhu wakatarwa, vatengi vane kodzero yekutarisira kugamuchira zvigadzirwa zvemhando yepamusoro kubva kusangano. Zvinotarisirwa izvi zvinogona kusiyanana zvichienderana nemapoka evatengi anotevera:

a) Vatengi neRuzhinji

(i) Kuwana vimbiso yekuti zvigadzirwa zveSFI zvine mhando yepamusoro, zvachachengeteka uye zvinobudirira.

- (ii) Kugamuchira nenguva ruzivo pamusoro pezvigadzirwa zvisiri zvechokwadi (counterfeit), zvigadzirwa zvinogona kukanganisa utano, pamwe nezvimwe zvigadzirwa zvisina kukodzera kushandiswa.
- (iii) Kupihwa dzidzo neruzivo nguva dzose pamusoro pezvigadzirwa zveSFI.
- (iv) Kugamuchira mhinduro nenguva pamusoro pemashoko, mazano kana zvichemo zvine chekuita nemabasa eSFI.
- (v) Kutora chikamu mukukwikwidza kwematenda (tenders) ekupihwa mikana yekugovera zvinhu kana masevhisi maererano nemitemo iripo.

b) Vagadziri, Vagadzirisi, Vagoveri neVatengesi veZvigadzirwa

- (i) Kuziva zvigadzirwa zvinogadzirwa neSFI.
- (ii) Kugamuchira mhinduro nenguva pamusoro peruzivo rwavanenge vakumbira.
- (iii) Kugamuchira nenguva ruzivo nedzidzo pamusoro pezvigadzirwa zvinogadzirwa.
- (iv) Kubvunzurudzwa pamusoro pekuvandudzwa kana kugadziridzwa kwemitemo, mirau nenhungamiro ine chekuita nezvigadzirwa zvinopihwa neSFI.
- (v) Kubatwa zvakaenzana, zvine kururamisira uye pasina rusaruro.
- (vi) Kugamuchira zvigadzirwa zvemhando yepamusoro pamwe nekushandirwa neruremekedzo, nehunyanzvi uye nehunhu hwakanaka kubva kuvashandi veSFI.

c) Masangano Anoona Nekutevedzwa kweMitemo

- (i) Kushandira pamwe zvakanaka mukugadzirisa nyaya dzine chekuita nezvigadzirwa zvinogadzirwa.
- (ii) Kupihwa nenguva ruzivo rwehunyanzvi pamwe nemidziyo inodiwa mukusimbaradza kutevedzwa kwemitemo yeHurumende yeZimbabwe.
- (iii) Kupinzwa muzvirongwa zvese zvine chekuita nekuongorora nekuvandudza mitemo, mirau nenhungamiro ine chekuita nekupihwa kwezigadzirwa.

d) Masangano eHurumende

- (i) Kushandira pamwe zvakanaka mukusimbisa nekutevedza mitemo yeZimbabwe.
- (ii) Kupinzwa mumisangano ine chekuita nemabasa esangano, kusanganisira kuongororwa kwemirau nenhungamiro dzakasiyana pasi pemitemo yeZimbabwe.
- (iii) Kugamuchira mishumo inodiwa nemutemo pamwe nerumwe ruzivo sezvinotsanangurwa mumirau inotungamira kuumbwa kweSFI

e) Vezvenhau nemaRaibhurari

- (i) Kugamuchira nenguva ruzivo nedzidzo pamusoro pezvigadzirwa zvinogadzirwa nemamwe masevhisi anopihwa neSFI kuburikidza nenzira dzakakodzera uye zvinoenderana neMutemo weHunhu (Quality Policy), mitemo nemaitiro esangano.
- (ii) Kupinzwa mumisangano yakasiyana yevanobatika (stakeholders) ine chekuita nemabasa esangano, kusanganisira kuongororwa kwemirau nenhunganamiro dzakasiyana pasi pemitemo yeHurumende yeZimbabwe.

f) Vanopa Masevhisi

- (i) Kupihwa mikana yakaenzana uye kururamisira pakusarudzwa kwevanopa masevhisi.
- (ii) Kubhadharwa nenguva pamasevhisi avanenge vapa kuSFI.
- (iii) Kugamuchira nenguva ruzivo nedzidzo pamusoro pezvigadzirwa zvinodzorwa neSFI.

9.2 MABASA ANOTARISIRWA KUITWA NEVATENGI

SFI inotarisira kushandira pamwe zvakanaka nevatengi vayo. Naizvozvo, vatengi vanofanirwa:

- (i) Kutevedzera mitemo nemirau vachizvidira.**
- (ii) Kuva vakatendeseka kuSFI uye kuruzhinji.**
- (iii) Kuremeke 10.0 KUONGORORA, KUYERA UYE KUPA MISHUMO PAMUSORO PEKUITA MAERERANO NEMWERO YAKATARWA**
dza vashandi veSFI uye kudzivirira kushandisa mutauro unotuka kana unoshungurudza pakuita mabasa neSFI.
- (iv) Kupinda misangano yakarongwa nenguva.**
- (v) Kuverenga nekunzwisisa Gwaro reMitemo yeSevhisi kuVatengi (Customer Service Charter), mitemo, mirau, nhunganamiro, pamwe nemamwe magwaro ane chekuita nemasevhisi ekudzora nekuchengetedza kunaka nekuchengetedzwa kwechikafu, chikafu chezvipfuyo, nezvimwe zvigadzirwa zvinoenderana nazvo.**
- (vi) Kupa mhinduro nenguva pamusoro peruzivo rwakakosha rwune chekuita nezvigadzirwa nemasevhisi.**

10.0 KUONGORORA, KUYERA UYE KUPA MISHUMO PAMUSORO PEKUITA MAERERANO NEMWERO YAKATARWA

SFI ichagara ichiongorora nekuyera (Monitoring and Evaluation – M&E) mhando yezvigadzirwa nemabasa ayo zvichienderana nezviyero zvakaiswa muGwaro iri.

Sangano richaburitsa mushumo wegore negore unoratidza mashandiro aro maererano nezviyero izvi.

Kuongorora uku kuchaitwa kuburikidza nenzira dzinotevera:

- Kuongorora mashandiro emasisitimu ekushanda.
- Kuongorora mashandiro nevhunhu hwevashandi.
- Kuongorora nguva nenguva Quality Management Systems (QMS) yeSFI maererano nezvirongwa zvakabvumidzwa.

11.0 KUONGORORA UYE KUGARA UCHIVANDUDZA GWARO REMITEMO YESEVHISI KUVATENGI

Gwaro iri igwaro rinoramba richivandudzwa rakagadzirwa neSFI, uye richaongororwa zvichibva pamhinduro dzinopihwa nevashandisi vezvigadzirwa nemasevhisi eSFI, vanova vatengi. Kuongorora Gwaro iri kwakakosha kuitira kuti rirambe richienderana nezigadzirwa nemasevhisi eSFI. Tichaongorora nekuvandudza Gwaro iri tichishanda pamwe chete nevatengi vedu pose panenge paine chikonzero chekudaro.

12.0 KUTAUURIRANA

Zvakakosha kuti vatengi neruzhinji vazive kodzero dzavo dzekutaurirana nekupa ruzivo kana mazano ekuti mabasa eSFI angavandudzwa sei maererano nekuchengetedzwa kwechikafu nezvekudya kwezvipfuyo munyika. Naizvozvo, vatengi vanokwanisa kupa mashoko avo pamusoro pezigadzirwa zveSFI, zvavanofunga, pamwe nemazano ekuti SFI ingazadzisa sei chiono chayo (vision), chinangwa chayo (mission), nemabasa ayo epamutemo (mandate). Vanogonawo kuendesa zvichemo kana kuratidza kugutsikana pamusoro pemasevhisi anopihwa neSFI, pamwe nekupa kurudziro yekuvandudza kunaka kwemasevhisi anopiwa kuvatengi.

Mazita Ekutaurirana neKero

Managing Director
Silo Food Industries
14 Wimbledon Crescent
EASTLEA, HARARE
(+263) 242- 254409/254414/254418
www.silofoodindustries.co.zw

Business Unit Head Milling and Prepacks
Number 1 Delpot Road
Msasa
HARARE

Business Unit Head Stock Feeds
Stand Number 221-222 Endeavour Road
Norton
(+263) 242 -15-2458/2459/2460
customerservice@countryfeeds.co.zw

Board Chairperson

Managing Director